

Varyòl senj: Kesyon ak Repons pou Kontak Sere



21 jou



Pandan konbyen tan mwen dwe siveye sentom yo?
Siveye si gen sentom pandan 21 jou apre dènye kontak sere ak moun ki gen mpox la.

Konbyen fwa mwen dwe pran tanperati m?
Verifye pou w wè si w gen lafyèw de fwa pa jou (maten ak aswè).

Ki sentom mwen ta dwe chèche?

- Fyèw $\geq 100.4^{\circ}\text{F}$
- Frison
- Nouvo enflamasyon gangliyon lenfatik (nan kou, anba bra oswa nan lenn)
- Nouvo gratèl sou po a

Kisa mwen dwe fè si m vin gen lafyèw oswa gratèl?
Izole tèt ou imedyatman epi kontakte depatman sante lokal ou a.

Kisa mwen ta dwe fè si se sèlman frison oswa gangliyon lenfatik anfle m vin genyen?

- Izole tèt ou pandan 24 èdtan epi kontwole tanperati w.
- Si w vin gen lafyèw oswa bagay ki leve sou po w, kontakte depatman sante lokal ou a imedyatman.
- Si w pa gen lafyèw oswa ou pa gen gratèl, men frison oswa gangliyon lenfatik anfle yo ap pèsiste, kontakte yon founisè swen sante.